ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

General Certificate of Education Ordinary Level

SHONA LANGUAGE 4007/1

PAPER 1 Rondedzero neNzwisiso

JUNE 2019 SESSION Maawa maviri

Additional materials:
Answer paper

NGUVA: Maawa maviri

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mubvunzo **mumwe** chete **muChikamu I** nemibvunzo **yose muChikamu II**.

Mibvunzo yose inofanira kupindurwa ne**ChiShona** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwechete.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, J2019.

©ZIMSEC J2019

CHIKAMU I: RONDEDZERO

Unokurudzirwa kuti upedze **awa imwe chete** pachikamu chino.

Sarudza musoro **mumwe chete** pane yose yakapiwa. Chinyora rondedzero yemhando yawasarudza nemazwi ari pakati pe**450 ne500** kana kusvitsa mapeji **mana**.

1 (a) Kuzvara hakuna hombarume. [50]

(b) Kukaita mumwe chete abudirira mumhuri, musha wese unotarisira kuti abatsire vamwe sei mumhuri imomo? [50]

(c) Nyora tsamba kushamwari yako iyo yawakanzwa kuti yava kunwa nekusvuta zvinodhaka uchiitsanangurira zvazvakaipira pamwe nekumupa mazano anovaka. [50]

(d) Nyora hurukuro pakati pemusikana nemukomana, mumwe achiti kuva nezvidzidzo zve*Science* kuri nani pakuva nezvidzidzo zvemutauro, mumwe achiti kwete zvakakosha kuva nemutauro. [50]

(e) Nyora rondedzero ine mazwi okuti, "Ndakabva ndazoona kuti hapana kugona kwandaive ndaita." [50]

(f) Nyora mhan'aro kuboka renyu rezvirongwa zvebudiriro uchipa budiriro nematambudziko amakasangana nawo pakuvamba nekufambisa zvirongwa zvenyu zvebudiriro mugore ramapedza. [50]

(g) 'Kuderedzwa kweurombo muvanhu kuri mumaoko evechidiki.' Unotii nepfungwa iyi? [50]

CHIKAMU II: NZWISISO NEPFUPISO

2 Nyatsoverenga nyaya inotevera ugopindura mibvunzo yose inoitevera neChiShona chakanaka.

Gweta parakapedza kuverenga zvakasiya zvanyorwa nemufi muwiri yake, vanhu vakashaya neromuromo. Kana ari saVhaireti, mudzimai wemufi, akaona sekuti ainge arohwa gwati kumeso richibva rangomupofomadza pakarepo. Mwana wevaridzi akaona rima, ndokuzongoti puu negotsi paainge agere ipapo. Akadirwa mvura ndokuzodzidziuka pave paye.

Vhaireti ainge akaroorana naOziwero makore makumi maviri ainge apfuura. Vaive nevana vavo vatatu, mukuru ainge oita danho rechina kuchikoro chesekondari, muduku ndiye akanga achangotanga danho redambanevana. Ukama hwaOziwero naVhaireti semukadzi nemurume hwakanga husingashoreki. Chaizongonetsa Vhaireti ndechokuti basa raOziwero raimudyira nguva yake zhinji zvekuti nguva yekutandara nemhuri yakaramba ichingoita shoma. Mazuva mazhinji Ozi aidzoka kumba kunze kwotoyedza asi dzimwe nguva aitotadza kudzoka kumba zvachose nekuti, semataurirо ake, basa rainge rakasunga.

Vavakidzani vanoongoora vainge votozviona kuti mafambiro ababa ava ainge asisina chiedza mukati. Umwe wevavakidzani ava ndiye akazoenda kunotaura naVhaireti achidawo kunzwa paive nepfungwa dzake. Vhaireti akangotaurawo kuti basa raingo riri kuwandira murume wake. Mhinduro iyi yakabva yatorera Mai Mashoko simba rekuenderera mberi nenyaya yavo. Mibvunzo yainge yabvunzwa naMai Mashoko yakaita kuti Vhaireti atange kupishana nepfungwa achiedza kufunga kuti zvimwe murume wake ainge oita gumbo mumba gumbo panze. Chakaita kuti akurumidze kudzinga pfungwa idzi ndechekuti Ozi ainge achiri kuriritira mhuri yake zvakanaka semazuva ese. Akaisa pfungwa idzi shure shure kwendangariro dzake ndokusarudza kuvimba nemurume wake.

Rimwe zuva Oziwero odzoka kumba panguva yemambakwedza akaita kakutsumwaira motokari ndokubuda mumugwagwa. Motokari yakanorovera pasimbi yemagetsi nechokudivi remutyairi akabva angoomera ipapo. Hama neshamwari dzakashushikana nerufu rwaOzi, kunyanya mudzimai wake nevana.

Ozi akazochengetwa mushure memazuva matatu, vanhu vachingodzungudza misoro nekuti rufu rwake rwainge rwauya pasina airwutarisira. Zvisineyi, vanhu vakazongonyaradzana nerokuti ndiyo nzira yedu tese, musi nenguva ndizvo zvinosiyana.

Hapano pakuzoda kuparadza nhumbi dzemufi, pakasimuka murume aive akapfeka svutu nhema ndokutaura kuti ndiye aive gweta remushakabvu, uye aive nehurongwa hwemagoverwo aizoitwa pfuma yemufi sekuronga kwemufi. Vazukuru nevaroora vainge vomirizika vakabva vagara pasi.

Zvekuti mufi anosiya aronga kugoverwa kuchaitwa pfuma yake zvaiva zvitsva kumhuri nehama zhinji dzemufi, asi vakatsanangurirwa kuti zvaive pamutemo kuti munhu asiye arongera pfuma yake asati afa. Gweta rakazopihwa mukana wekuverenga wiri rainge rasiiwa nemufi. Pfuma zhinji yakapihwa kuna Vhaireti nevana vake vatatu. Humwe hupfumi hwakaenda kuna nyakutumbura, avo vaive shirikadzi, nokuti baba vaOziwero vaive vakashaya iye achiri muduku.

Vanhu vese vaikodzera vakawana chidimu chepfuma yaOzi sekutarisira kwemunhu wese. Munhu akapedzisira kutaurwa ainzi Fiona, uye ainge apihwawo chimwe chikamu chepfuma yemushakabvu. Veukama vakatarisana, nekuti vainge vachiziva kuti havana hama ine zita rakadaro. Vakabvunzana pachavo asi hapana akanga aine mhinduro. Gweta rakazopindira ndokutsanangurira gungano raivepo kuti mufi aive neumwe mukadzi waaipota achigara naye uye vaitove nemwana vose.

Zvakazoonekwa kuti Fiona uyu aitovepowo panhamo apa nemwana wake. Vhaireti haana kutenda zvaainzwa nekuona, panguva iyi ndipo pakangoti rima tiba kumeso kwake, ndiye dhi negotsi paainge agere ipapo. Vanhu vainge votya kuti nhamo dzaizogona kupedzisira dzave mbiri kana vakasangwara. Pfungwa dzevanhu dzakambotama kubva kune zvaitaurwa negweta voedza kubatsira Vhaireti. Mushure mekudirwa mvura nekupumhwa nezambiya, akabva azomuka. Akavamba kuchema, apa akanga asisiri kuchema rufu rwemurume wake. Vanhu vakatozosvika pakuparara iye achingoungudza, hapana akagona kumunyararidza.

(*Nyaya yakanyorwa nemunyori asingazivikanwi.*)

Mibvunzo

(a) Vhaireti naOziwero vaiva vava nemakore mangani vari muwanano? [1]

(b) Dangwe raOziwero raive mudanho ripi redzidzo? [1]

(c) Nyurura chirevo chinoratidza kuti Oziwero akanga asisina nguva nemhuri yake. [2]

(d) Ipa chikonzero chakaita kuti Vhaireti arege kufungidzira kuti murume wake angave nezvakashata zvaakanga achiita. [1]

(e) Nemhaka yei vazukuru nevaroora vakazogara pasi painge poda kugoverwa nhumbi dzemufi? [2]

(f) Sei hama dzakatarisana pakataurwa zita raFiona? [1]

(g) Vhaireti anonzi akanga asisiri kuchema rufu rwemurume wake, saka aichemei? [2]

(h) Tsanangura zvinoreva mazwi aya semashandisirwo aakaitwa mundima;

(i) ndokuzodzidziuka, [2]

(ii) kakutsumwaira, [2]

(iii) nyakutumbura, [2]

(iv) achingoungudza. [2]

(i) Zvinorevei kuti, "...nhamo dzaizogona kupedzisira dzave mbiri..." [2]

(j) Pfupisa nyaya iyi nemazwi ako asingadariki **makumi mashanu**. [10]
[30 marks]